

Flanbo Verite A



YON WOZ KOULÈ BLAN

(Gade istwa sa a nan paj 10)

Sektanm - Oktòb 2020 | Volim 11 Nimewo 5

Jounal sa a pa pou vann

TAB MATYÈ

Editorial	3
Ki Moun Bondye Ye ? #6 Dezobeyisans Devan Leta.....	4
Istwa Kouvèti a	10
Lalwa Ki Pi Pisan an	14
Seksyon Paran	
Apèl pou Monte Leson 10b	16
Istwa Biblik	
Jezi Kòmanse Ministè Li	18
Istwa Mati Yo	
Matye, Evanjelis la, Lanne 70 Anviwon..	22
Seksyon Jenn	
Chemen Li te Chwazi a Chapit 2c	24
Seksyon Timoun	
Ou Pa Fè Erè Lè Ou Chwazi Obeyi.....	29
Aktivite Timoun.....	34
Lemonn Ofri Blòf.....	Kouvèti Dèyè

Komite

Direktè

Dale E. Heisey
Duane Nisly
Mark Yoder
Paul Schrock
Antonio Valverde
Jesús Villegas
Antonio Campos
Sanford Yoder

Edite

Duane Nisly
Pete Garber

La Antorcha de la Verdad

Apartado Postal #15
Pital de San Carlos
Costa Rica, C. A.

Flanbo Verite A, se
Publicadora La Merced, ki
sitiye nan Santa Rita de
Rio Cuarto, Costa Rica, ki
pibliye li chak de (2) mwa.

PUBLICADORA LA

MERCED se yon konpayi
k'ap pibliye liv nan yon bi
pou yo pwopaje Levanjil
la. Yo pa fè sa pou lajan.
Okontrè, yo fè sa pou yo
pwopaje bon jan doktrin
biblik dapre kwayans
Anabatis yo, epi yo fè sa
pou sila yo k'ap resevwa
literati sa yo kapab jwenn
bon konsèy pratik pou
aplike nan lavi yo.

Desen Kouvèti a :
Randall Nisly

Editorial

Chè lektè :

Jodi a nou fasil tande moun ap pale sou politik. Nan jou ki pase yo, pèsònèlman, mwen te dekouvri kijan li fasil pou kite bagay sa yo okipe lespri ou ansanm ak kè ou nèt ale. Nou tout gen tandans chwazi yon bò, epi nou tonbe bay opinyon nou sou tèl pwen. Anpil moun fè l'. Èske tandans sa a dwe fè nou sezi ? Pa vrèman.

Men, èske li bon lè yon kretyen patisipe nan diskisyon sou bagay politik ? Nan jou sa yo m'ap panse ak sa souvan, sitou pandan mwen reflechi sou sa Jezi te di konsènan Wayòm Bondye a ansanm ak reskonsabilite nou genyen kòm kretyen nan Wayòm sa a. Pandan Jezi te sou tè sa a, disip Li yo t'ap tann Li etabli yon mouvman politik ki ta libere Jwif yo anba gwo ponyèt Women yo. Konsa, yo te vrèman dekouraje lè Jezi pa t' defann tèt Li kont sòlda yo, ni kont vye desizyon leta a. Li te kite Women yo krisifye Li pito. Disip yo pa t' konprann Wayòm espirityèl la Jezi te vin etabli sou tè a. Jezi te di Pilat konsa : « *Jezi reponn : Nan peyi kote M' wa a, se pa tankou peyi ki sou latè. Si gouvènman peyi kote M' wa a te tankou gouvènman peyi ki sou latè, sèvitè M' yo ta goumen pou Mwen. Yo pa ta kite M' tonbe nan men jwif yo. Non. Nan peyi kote M' wa a, se pa tankou peyi ki sou latè.* » (Jan 18.36).

Apòt Pòl egzijje nou pou n' respektè chèf yo ansanm avèk otorite yo genyen an. Li te di sa pandan li t'ap sibi anba men rejim Newo a, yon chèf Women ki te pèsekite Kretyen anpil. Pòl pa t' pouse moun antre nan gwoup opozisyon pou konbat mekanste, ni li pa t' pouse moun atake gouvènman an avèk yon seri dokiman alekri, ni li pa t' pouse moun antre nan lòt gwoup politik pou eseye chanje regleman yo. Egzanp Pòl trase a anseye nou kisa Bondye espere lakay nou, epi egzanp li trase a repwòche nou lè nou santi nou ta swiv foul la k'ap antre nan politik.

Dapre Bib la, kisa Bondye ap atann lakay moun k'ap swiv Li yo ?

- Renmen pou lènmi nou yo, pa goumen avè yo (Matye 5.44)
- Beni sila ki pèsekite nou yo (Women 12.14)
- Asepte wòl nou kòm sitwayen yon lòt Wayòm, epi kòm etranje isi ba (Ebre 11.13)
- Konprann byen se Bondye ki mete nenpòt moun chèf nan gouvènman yo sou latè (Women 13.1)
- Obeyi lwa gouvènman yo, epi soumèt devan yo (Tit 3.1 ; Women 13.5)
- Onore chèf yo (1 Pyè 2.17)
- Priye pou chèf yo (1 Timote 2.1–2)
- Peye taks (Women 13.7)

Pandan mwen t'ap reflechi sou sa Bondye anseye nou konsènan Wayòm Li a epi reskonsabilite nou genyen kòm sitwayen Wayòm Li a, mwen te vin wè premye reskonsabilite mwen genyen an se anwè Wayòm Bondye a. Mwen pa dwe kite bagay tè sa a twouble m'. Jezi te di konsa : « *Pito nou chache bay bagay peyi Wa ki nan syèl la premye plas nan lavi nou, chache viv jan Bondye vle l' la anvan...* » (Matye 6.33). *Lè nou fè sa, Bondye va « ban nou tout lòt bagay sa yo tou. »*

Dwann Nisli



#6 Dezobeyisans Devan Leta

—Philip Yoder

Bib la fè nou konnen gouvènman peyi kote nou rete a se yon otorite Bondye etabli. Se devwa gouvènman an pou pini mechan yo. Si se pa konsa peyi yo te òganize, tapral genyen anachi, ki vle di tout moun t'ap toujou fè sa yo pito san gade dèyè. Imajine kòman sa t'ap ye si ou te oblije viv nan yon peyi kote pa gen okenn lwa, okenn lòd. Nan Women 13.4, Apòt Pòl di gouvènman an se yon zouti nan men Bondye pou byennèt nou. Se leta ki kenbe nepe a nan men li, epi se leta ki gen fòs pou pini sila yo ki fè mechanste.

Donk, si nou konsidere tout bagay sa yo, ki devwa yon disip Jezi genyen anvè chèt leta yo ? Ki atitid nou dwe genyen anvè yo ? Èske nou dwe obeyi yo toutan san eksepsyon ? Èske genyen ka kote nou bezwen dezobeyi yo ? Anvè kilès moun nou dwe fidèl dabò ? Kèsyon sa yo mande bon jan refleksyon pou tout kretyen ki sitwayen nan nenpòt peyi. Ann di Bondye mèsi dèske Li pa kite nou san enstriksyon sou pwèn sa a. Ann gade sa Bib la anseye nou.

Kretyen, Sitwayen Modèl

Pami tout sitwayen ki genyen nan yon peyi, moun k'ap swiv Jezi dwe toujou yon pi bon modèl. Nou pa dwe reziste devan chèf yo ni opoze ak yo. Men, se pou n' soumèt nou devan yo kòm bon sitwayen, epi ba yo onè. Nou dwe fè byen (Women 13.1–5 ; 1 Pyè 2.13–17), epi nou dwe prèt pou sèvi nan tout kalite bon zèv (Tit 3.1). Nou dwe peye taks avèk onètete (Women 13.6–7). Nou gen devwa pou n' priye pou chèf yo, se konsa « **nou ka viv trankil ak kè poze nan sèvis Bondye a, ak yon konpòtman ki respektab sou tout pwen** » (1 Timote 2.1–2). Nan tout bagay, nou reskonsab pou n' viv yon fason ki fè nou merite lwanj nan men chèf leta yo (Women 13.3).

Jounen jodi a, ou fasil tandè moun pale gouvènman peyi yo mal. Sa fèt prèske tout kote. Yo deklare fòk moun manifeste pou yo defann dwa yo. Moun pran lari, yo fè manifestasyon, epi yo fè grèv. Yo fè tout kalite bagay pou yo eseye fòse gouvènman an ba yo sa y'ap chache a. Pafwa genyen vyolans. Pafwa genyen koudeta menm.

Pafwa tou, nou tandè kretyen k'ap fè djòlè sou kijan yo pase sou kote lwa peyi a. Genyen moun ki vle fè ou konnen sa bon lè ou pase sou kote, depi yo pa kenbe ou. Men, Apòt Pòl di nou dwe obeyi gouvènman an poutèt konsyans nou devan Bondye. Se pa paske nou pè leta, men pito se poutèt krentif pou Bondye. Li egzijè nou pou n' respekte, onore, epi obeyi gouvènman an ansanm avèk regleman li yo menm si nou santi yo pa jis.

Apòt Pòl te chita ekri pasaj nou te gade anlè yo nan yon epòk kote Newo t'ap peze peyi a. Li te yon vye diktatè mechan. Newo te tèlman san pitye, genyen moun ki etidye reny pa li a ki deklare se sèlman yon twoub mantal ki te ka esplike kijan li te move konsa. Li te pèsèkite kretyen yo ak je chèch. Yo te konn di se li menm ki te pran plezi nan boule kadav kretyen yo bò lari a pou l' te ka klere lavil Wòm. Kounyeya, se te nan yon epòk tèt anba konsa Pòl t'ap ekri. Li pa t' kritike wa a ni gouvènman li an. Men, li te bay kretyen yo lòd pou yo respekte epi obeyi li pito. Konsa tou, li ban nou lòd pou n' swiv egzanp li te trase a.

Kretyen, Sitwayen Syèl La

Se vre n'ap viv sou tè sa a, epi nou soumèt devan lwa peyi nou an nan tout fason nou kapab, men kòm Kretyen nou se sitwayen yon lòt kote dabò. Se nan peyi selès la nou sitwayen anvan. « **Men nou menm, nou se sitwayen peyi ki nan syèl la. Se tann n'ap tann Delivrans nou, Jezikri, Senyè a, ki gen pou desann sòt nan syèl la** » (Filipyen 3.20). Nou pa pou tèt nou ankò. Bondye peye yon pri pou Li achte nou

(1 Korent 6.19–20). Nou delivre anba pouvwa tenèb, epi nou antre nan Wayòm Pitit Gason Bondye a, Jezi Kris (Kolòs 1.13). Wa pa nou an se Jezi. Li se Wa sou tè tout wa yo. Li se Senyè tout senyè yo (1 Timote 6.14–16). Pi gwo devwa nou genyen se anvi Li menm (Filipyen 2.9–11 ; 1 Timote 1.17). Nou angaje nan travay Wayòm Bondye a, epi nou angaje pou n' obeye Li nan tout sa Li mande nou fè. Se Pawòl Li (Bib la) ki va jije lavi nou (Jan 12.48, BIB KREYÒL LA).

Verite sa a parèt akèl nan kijan Bib la pale sou Kreyen kòm etranje epi kòm peleren nan mond sa a (1 Pyè 2.11 ; Ebre 11.3 ; 1 Pyè 1.17). Yon etranje k'ap viv nan yon peyi genyen tout obligasyon pou li koube devan lwa peyi kote li rete a. Nou te gade tout obligasyon sa yo deja. Men, idantifikasyon moun lan epi rasin li rete toujou nan peyi kote li sitwayen an, kote li sòti a. Konsa tou, Kreyen an se yon sitwayen Wayòm Bondye a. Li se etranje pandan l'ap viv nan mond sa a.

Pami gwoup sa yo ki panse yo genyen dwa revandike dwa yo, genyen kèk gwoup Kreyen ki òganize tèl yo yon fason pou yo peze gouvènman an pou fòse yo ba yo sa y'ap chache a. Yo kwè se devwa yo pou yo egzèsè dwa sa a pou yo kapab klere limyè Jezi a, jan Li te anseye nou pou n' fè l' la. Men, Jezi pa t' anseye kalite reyaksyon sa a devan bagay leta. Okontrè, Li te di disip Li yo konsa : « *Se limyè nou ye pou moun sou latè. Moun pa kapab kache yon lavil ki bati sou yon mòn.* ¹⁵*Ni yo pa limen yon lanp pou mete l' anba yon mamit. Men, yo mete l' sou yon etajè, pou l' klere pou tout moun ki nan kay la.* ¹⁶*Konsa tou, se pou limyè nou klere devan tout moun, pou lè yo wè tout byen n'ap fè yo, y'a fè lwanj Papa nou ki nan syèl la* » (Matye 5.14–16). Pase pou n' itilize politik pou peze yon gouvènman, pito nou klere limyè nan jan nou viv selon Bondye, nan jan nou mennen lavi ki sen. Se konsa pou n' glorifye Papa a. Jezi te fè nou konnen se pou yon lòt Wayòm nou ye (Jan 18.36).

Konfli A

Nou menm ki Kreyen, pandan n'ap tann pou n' ale lakay nou nan syèl la, n'ap viv annatandan kòm bon sitwayen nan mond sa a. Verite sa a konn mennen konfli. Genyen okazyon kote lwa peyi a egziye nou fè yon bagay ki vyole lalwa Bondye a. Nan ka sa yo, nou anfas gwo kèsyon : Kisa nou ta dwe fè ? Kilès nou ta dwe obeye ?

Dezobeyisans Devan Leta

Jezi deklare byen klè pèsonn moun « *pa ka sèvi de (2) mèt alafwa* » (Matye 6.24). Fòk nou chwazi kilès nou pral obeye dabò. Kreyen se moun ki deja antre nan yon angajman avèk Jezi. Genyen okazyon kote angajman sa a avèk Jezi kreye yon konfli avèk leta peyi nou an. Apòt Jezi yo te genyen menm pwoblèm sa a nan Travay Apòt

Yo chapit 4 epi 5. Apre Jezi te monte nan syèl la, apòt yo te ranpli avèk Sentespri a, epi yo te kontinye preche Bòn Nouvèl la. Te genyen yon lè chèf leta yo te trennen Pyè ak Jan nan jijman. Chèf yo te pase yo lòd pou yo pa anseye non Jezi a ankò. San ezitasyon, yo te reponn konsa : « ***Jije nou menm kisa ki pi bon devan Bondye : Obeyi nou osinon obeyi Bondye ? Pou nou menm, nou pa kapab pa pale sa nou wè ak sa nou tande*** » (Travay 4.19–20). Lè chèf yo te lage yo, yo te retounen kote lòt disip yo, epi yo te ale devan Bondye nan lapriyè. Bondye te konfime pou yo kijan Li te dakò avèk yo. Konsa, yo te dezobeyi leta a, epi yo te kontinye preche toujou. Yon lòt fwa ankò yo te trennen apòt yo devan chèf pou rann kont kòman yo fè dezobeyi leta a. Yo te reponn : « ***Se pou n' obeyi Bondye pase pou n' obeyi moun*** » (Travay 5.29).

Nan tout istwa lòm, plen egzanp kote yon moun ki t'ap sèvi Bondye te rive nan yon sityasyon kote li te oblije dezobeyi leta pou l' te ka rete fidèl ak Bondye. Lè Nebikadnez te pase lòd pou tout pèp la adore estati li te fè a, Danyèl ak twa (3) zanmi li yo te reponn konsa : « ***Monwa, nou p'ap eseye defann tèt nou. ¹⁷Si Bondye n'ap sèvi a ka wete nou nan gwo fou tou limen an, si Li ka delivre nou tou anba men ou, L'ap fè l'. ¹⁸Men, menm si Li pa vin delivre nou, monwa, nou tou di ou nou p'ap adore bondye pa ou yo, ni nou p'ap mete ajenou devan estati lò ou te fè a*** » (Danyèl 3.16–18).

Tout apòt Jezi yo te dakò soufri pèsekisyon pase pou yo te koube devan leta ki t'ap di yo piga yo preche Bòn Nouvèl la. Genyen ki te mouri kòm mati pase pou yo te bay leta priyorite sou Bondye. Pòl te pale sou kalite angajman sa a nan Travay 21.13. Li di : « ***Poukisa pou n'ap kriye konsa, pou n'ap chache kraze kouraj mwen konsa ? Mwen menm, se pa pare sèlman mwen pare pou m' kite yo mare mwen. Menm si mouri vini, m'ap mouri pou Senyè Jezi nan Jerizalèm.*** »

Depi epòk kote Jezi te sou tè sa a, anpil Kreyen te deja chwazi mouri kòm mati pase pou yo vyole lalwa Bondye. Nan anpil peyi sou tè sa a, lwa peyi a pa pèmèt moun Kreyen. Genyen peyi kote leta a entèdi moun preche Bòn Nouvèl Kris la. Anpil kote sou tè a vle fòse moun fè sa Kreyen pa kapab fè ak konsyans li pwòp devan Bondye.

Bib la fè n' konnen sèvi Bondye se bagay ki mennen pèsekisyon (2 Timote 3.12). « ***Lè sa a, y'ap pran nou, y'ap lage nou nan men moun k'ap fè nou pase touman, y'ap touye nou. Moun tout nasyon pral rayi nou poutèt Mwen*** » (Matye 24.9). « ***Men, si yon moun ap soufri paske se Kreyen li ye, li pa bezwen wont pou sa. Okontrè, se pou li fè lwanj Bondye dèske li pote non Kris la*** » (1 Pyè 4.16). Depi nan kòmansman an, soufrans poutèt non Jezi a fè pati lavi Kreyen an.

Jodi a, nan peyi Ewòp yo ak nan peyi Lamerik yo, pi fò gouvènman dakò libète sou kesyon relijyon. Moun ka chwazi adore sa yo vle jan yo vle. Leta pa antre nan sa. Konsa, pou anpil kwayan jodi a, yo mal pou imajine yon sityasyon kote yo ta oblije dezobeyi leta poutèt lafwa nan Kris. Se bagay ki ta etranj nèt pou yo. Men, se pa konsa bagay yo te ye lontan. Epi anpil kote sou tè a poko janm genyen libète konsa sou kesyon relijyon. Konfli a manifeste sitou kote moun ap eseye swiv tout doktrin Kris la nèt kòm yon gid pou jan yo dwe viv lavi yo.

An jeneral, kwayan yo nan pifò peyi yo te toujou konn jwi libète sou kesyon relijyon. Malgre sa, genyen egzanp kote yo te anfas gwo desizyon difisil. Pafwa, nan kèk epòk, te genyen peyi ki te egzije moun enskri nan lame a. Yo konn fè sa sitou lè peyi a nan lagè. Men, Jezi te deklare sèvitè pa Li yo p'ap goumen paske Wayòm Li pa sou tè sa a (Jan 18.36). Genyen lòt ka kote Kreyen te soufri anpil dèske yo pa t' vote nan eleksyon ni patisipe nan okenn pati politik. Konsa tou, gen Kreyen ki dezobeyi gouvènman an chak fwa yo reyini nan non Jezi, jan Bib la mande yo pou yo fè l'.

Jodi a, kwayan an ap viv anfas yon mond k'ap goumen plis chak jou kont prensip Kreyen. N'ap viv nan yon epòk kote anpil bagay chanje. Moun ap lite pou yo chanje règ moralite yo nan sosyete nou an. Gouvènman yo anvi genyen dwa pou yo fòme pitit nou yo ni sou bagay akademik, ni sou bagay moral tou. Genyen lwa ki ekri ki anpeche moun disipline pitit yo nan fason Bondye di sa dwe fèt nan Pawòl Li. Yon lòt kesyon ki ap poze toupatou se konsènan dosye omoseksyalite a : Èske de (2) moun menm sèks gen dwa marye ansanm ? Kounyeya, kisa yon pastè pral fè lè leta parèt pou mande li fè yon maryaj pou de (2) gason, sepandan lalwa Bondye pa dakò bagay konsa ?

Kilès nou pral obeyi lè gouvènman an kanpe kont Pawòl Bondye a epi kont Lespri Kris la ? Li pwobab pou, anvan lontan nou pral kòmanse sibi menas nan yon nivo nou poko janm imajine. Èske nou va dakò ? Èske nou va tou pare pou n' chwazi dezobeyi leta pase pou n' dezobeyi Bondye ? Paske, jodi a toujou, fòk Kreyen an « obeyi Bondye pase pou li obeyi lòm. »

1. Pran desizyon pou dezobeyi gouvènman an lè gouvènman an mande ou vyole lalwa Bondye se pa yon ti bagay lejè li ye. Depi n'ap konsidere dezobeyisans devan leta, genyen plizyè bagay pou n' sonje : Pafwa, sèl chemen ki posib pou Kreyen an se chemen dezobeyisans devan leta. Angajman nou avèk Bondye se bagay ki absoli. Pou Kreyen an, soufrans epi lanmò fè pati wout li te deja chwazi a (1 Pyè 4.12–16).

2. Li enpòtan pou n' swiv konsèy frè yo nan legliz la tout kote sa posib (Pwovèb 11.14). Nou pa dwe janm pran dezobeyisans devan leta kòm yon ti bagay pèsònèl. Petèt genyen lòt opsyon ki egziste ki te ka pèmèt ou evite dezobeyi devan leta pandan ou toujou rete fidèl anvè Bondye. Lòt frè yo ka wè lòt chemen. Si pa genyen lòt opsyon, ou va antre nan dezobeyisans leta avèk sipò tout lòt kwayan yo. Sa se yon sous sekirite ak fòs.
3. Si nou vle dezobeyisans devan leta genyen bon sans, fòk nou se moun ki toujou obeyi leta nan tout bagay epi ki pa vyole lalwa Bondye. Depi yon moun dezobeyi leta nan bagay ki pa kont lalwa Bondye, li pa genyen okenn otorite moral pou li kanpe dezobeyi leta nan bagay ki kont lalwa Bondye. Li deja ofanse Bondye nan jan li dezobeyi leta nan bagay ki dwat. Si nou vle otorite yo konsidere ka nou an, li esansyèl pou n' obeyi tout lwa yo ki pa kanpe kont lalwa Bondye (1 Pyè 3.13–17).
4. Si nou oblije pran chemen dezobeyisans devan leta, nou dwe toujou fè l' avèk yon atitid respè anvè gouvènman an. Kòm Kreyen, nou dwe toujou rete rekonesan pou tout benediksyon nou jwenn nan men gouvènman an. Fòk nou respekte sa.
5. Si nou pran desizyon pou n' dezobeyi leta pou n' ka genyen konsyans ki klè devan Bondye, nou dwe dakò soufri konsekans yo san plenyen. Anplis, nou dwe genyen menm atitid apòt yo te genyen lè yo te tonbe anba pinisyon poutèt dezobeyisans pa yo a : « *Apòt yo kite Gran Konsèy la. Yo te kontan dèske Bondye te wè yo merite pou moun te avili yo konsa poutèt non Jezi* » (Travay 5.41).

« *Men, si nou rive soufri poutèt byen nou fè, konsidere sa tankou yon benediksyon. Nou pa bezwen pè moun, nou pa bezwen toumante tèt nou pou anyen.* ¹⁵*Sèl bagay, se pou nou rekonèt se Kris la ki Senyè a nan kè nou. Se pou n' toujou pare pou n' defann tèt nou chak fwa yon moun mande nou eksplikasyon sou espwa nou gen nan kè nou an.* ¹⁶*Men, fè sa avèk dousè ak tout respè. Kenbe konsyans nou pwòp. Konsa, moun k'ap pale nou mal poutèt bon kondwit nou gen nan Kris la, se yo menm ki va wont pou pawòl yo te di lè yo t'ap joure nou an* » (1 Pyè 3.14–16).



YON WOZ KOULÈ BLAN

Solèy la tapral kouche pandan mwen t'ap mache bò kote yon rivyè ki rele Larivyè Tèm nan lavil Lond. Mwen te nan wout pou m' ale nan yon misyon kote mwen tapral preche jou swa sa a. Mwen te fè yon ti rete bò rivyè a pou m' jwi yon ti kras nan bèl lapè ki te genyen bò kote dlo sa a ki te sitèlman poze. Mwen t'ap kalkile sou tout kalite bagay larivyè sa a te gentan asiste depi Bondye te kreye li. Mwen te panse avèk kèk milya moun pandan yon pakèt syèk ki te mache bò kote menm rivyè sa a. Mwen t'ap poze tèt mwen kesyon sou konbyen nan yo ki te twouve lapè Bondye andedan kè yo. Kè m' te tris poutèt tout moun ki jiskens pa t' konnen Bondye.

Pandan mwen te tou prèt pou m' vire al fè wout mwen pou ale nan sèvis la, je m' te tonbe sou yon jenn dam ki te chita sou yon ban. Li leve mache dwat sou dlo a. Mwen te santi gen yon bagay ki pa t' kòrèk lakay li. Mwen te al kontre avè l'.

Mwen te pale tou dousman : « Eskize m', madanm. » Jenn dam lan te voye je l' agòch adwat ap chache yon kote pou li chape kò li. Vizaj li pa t' gen bèl koulè. Bò kote l' mwen te santi yon chaj lou. Nan je l' yo mwen te wè tristès pwofon epi dekourajman. Se yon evanjelis mwen te ye nan zòn lavil Lond. Chak jou mwen t'ap asiste yon seri vye bagay dwòl ki toujou egziste nan yon gran vil tankou Lond. Malgre tout esperyans mwen te konn fè deja yo, atid madanm sa a te fè m' sezi.

Mwen te di li : « Eskize m', madanm. Mwen konnen ou pa rekonèt mwen. Kite m' di ou, mwen se yon pastè Bòn Nouvèl la. Mwen prale nan yon misyon ki toupren nou la. Mwen remake ou pa alèz, ou deranje. Èske ou pa ta renmen vin vizite nou aswè a ? Byen petèt ou kapab twouve repo devan pwoblèm ou yo. Genyen yon Moun nan legliz la ki vle ou pou zanmi Li. »

Depi lè mo « pastè » a te fin sòti nan bouch mwen, vizaj dam lan te vin frèt. Li te reponn byen rèd : « Non. Mwen pa vle ale nan sèvis la. M' pa vle pwoche bò kote relijyon ditou ditou. Tanpri, ban m' vag, tande ? »

Menm jou sa a, anvan mwen te ale bò rivyè a, kèk bon zanmi te gentan resevwa m' lakay yo pou m' bwè te avèk yo. Madanm kay la te fè m' kado yon bèl woz koulè blan. Mwen pa yon moun ki renmen mache ak flè sou rad mwen, men pou m' pa deranje madanm lan, mwen te kite woz la kole sou vès mwen an. Kounyeya, pan-

YON WOZ KOULÈ BLAN

dan mwen t'ap pale avèk jenn dam lan bò rivyè a, lide m' te tonbe sou flè a. San mwen pa t' twò panse sou sa m' t'ap fè a, mwen te annik pran flè a nan men m' epi mwen te lonje l' bay fi a. M' pa yon moun ki fè bagay konsa fasil, men mwen te santi Bondye t'ap pouse m' fè sa menm.

Mwen te mande l' : « Èske ou dakò asepte woz sa a ? Se pou l' ede ou sonje ou genyen kèk zanmi nan misyon an ki ta renmen ede ou, si ou deside vini. »



Reyaksyon jenn dam lan te fè m' pantan. Li te rale kò l' dèyè kòm si se yon kou mwen te ba li. Sou vizaj li mwen te remake anpil emosyon. Li t'ap goumen ak yon bagay.

Li te pale byen cho : « Non non ! Mwen pa kapab ! » Apre sa, byen etonan, li lonje men l' epi li pran woz la nan men mwen. Je l' yo t'ap kouri dlo. Lè a te rive pou m' ale. Men, anvan m' te deplase, mwen te envite l' ankò nan sèvis la.

Pandan mwen t'ap preche nan sèvis la, mwen te santi yon chaj nan lespri

YON WOZ KOULÈ BLAN

mwen. Esperyans bò dlo a t'ap remonte nan tèt mwen. Se klè mwen te kontre avèk yon nanm ki te nan gwo bezwen. Mwen te santi yon sèl fado epi yon sèl dezi pou m' prezante mesaj sali a bay moun yo, pou m' konvenk yo pou yo resevwa lapè nan men Jezi Kris.

Lè m' te fin preche, dirijan an te avanse pou li kontinye sèvis la. Se lè sa a, sanza-tann, mwen te wè l'. Li te dèyè nèt. Li t'ap chita sou yon ban. Se te jenn dam lan ki t'ap pale avè m' bò rivyè a. Mwen te santi yon reyon espwa antre nan lavi m'. Kè m' te soulaje. Mwen t'ap panse : *Wi, san dout, Bondye t'ap travay nan fi a. San dout, se Bondye ki te pouse m' pale avèk li.* Mwen te tonbe priye.

Sèvis la te rive nan bout li, epi yo t'ap fè yon apèl. Sibitman, jenn dam lan te kanpe, epi li te avanse. Li te kòmanse di yon bagay, men apre sa li te koupe pawòl la sèk. Apre sa, li te kontinye ankò san li pa t' rann kont tout moun t'ap swiv li menm. Li di : « Mwen tandè apèl la pou m' vin jwenn Jezi, epi se sa m' vle fè. Èske nou panse Li kapab sove yon pechè tankou m' ? » Dam lan tonbe kriye. Apre sa, san li pa t' tann pèsonn reponn li, li di ankò : « Mwen tapral touye tèt mwen nan rivyè a apremidi a paske mwen pa kapab kontinye viv jan m'ap viv la, depi senk (5) ane konsa. Mwen te prèt pou m' lage kò m' nan dlo a lè nonm sa a te pale avèk mwen pou l' envite m' nan sèvis la. Mwen te refize. Men, se lè sa a li te ban m' woz blan sa a. Mwen pa t' vle pran l' paske li te reprezante yon bagay mwen te fin pèdi deja. Men, se te yon fòs andedan mwen ki te pouse m' aseptè li... flè a te sanble avèk menm woz la manman m' te fè m' kado lè mwen t'ap kite kay li senk (5) ane pase. Woz ki gen koulè blan se flè manman m' te toujou pi renmen an.

« Apremidi a, pandan mwen te resevwa flè a nan men nonm sa a, mwen te tandè vwa manman m' yon lòt fwa ankò. Li t'ap pale avè m' pandan li te di m' orevwa. Li t'ap di : « Elèn, pitit fi m', ou deside kite manman ou san manman ou pa vle. Ou pral kouri ale nan yon mond ki chaje mechanste. Mwen pè ou pral plonje nan bafon peche. Lè ou byen lwen, epi lè je ou tonbe sou yon woz koulè blan, sonje kado a manman ou te lonje ba ou pandan ou t'ap kite kay la. Sonje lapriye yo m'ap toujou ofri devan Bondye. Mwen p'ap sispann priye pou ou retounen lakay, epi pou ou resevwa sali.

« Woz sa a, tou blan jan li ye a, te fè m' reflechi ankò sou lavi mwen. Mwen te

YON WOZ KOULÈ BLAN

pran konsyans mwen te bezwen chache wout la pou wè si li toujou ouvè. Pastè a te di genyen yon Moun ki ta ka ede m' twouve chemen an. Èske nou panse Li va asepte mwen ? Mwen se yon gwo pechè. »

Repons kesyon an pa t' difisil. « *Nou mèt vini atò ! Vini non ! Ann regle koze a ! Menm si peche nou yo ta tache wouj kou san sou tout kò nou, M'ap lave nou. M'ap fè nou vini blan kou koton. Nou te mèt tache wouj fonce, M'ap blanchi nou, M'ap fè nou blan kou lenn mouton* » (Ezayi 1.18). « *Paske, Bondye sitèlman renmen lèzòm Li bay sèl Pitit Li a pou yo. Tout moun ki va mete konfyans yo nan Li p'ap pèdi lavi yo. Okontrè y'a gen lavi ki p'ap janm fini an* » (Jan 3.16). Bib la pa di pwomès sa yo rezève pou moun ki pa tèlman fè anpil peche.

Jenn dam lan te rete ap koute pandan nou te li pasaj sa yo ansanm ak lòt pasaj ankò. Yon sèl kou, li pete kriye epi li tonbe ajenou. Li te repanti pou peche li yo, epi li te envite Jezi pran plas kòm Senyè nan lavi li. Lè l' te leve kanpe, li te yon kreyati nouvo. Premye dezi li te genyen se te pou li retounen lakay pou l' wè manman l'.

Yon ti nòt editè a vle ajoute : Tout glwa pou Bondye dèske yon lòt nanm ankò ki te egare nan mechanste vye mond sa a te twouve sali. Bib la di : « *Konsa tou, m'ap di nou sa, gen kontantman nan mitan zanj Bondye yo pou yon sèl moun ki r'ap viv nan peche epi ki tounen vin jwenn Bondye* » (Lik 15.10). Chè lektè, ki kote ou ye nan lavi pèsònèl ou ? Èske ou lwen lakay, lwen Bondye, byen fon nan lemonn ak mechanste ? Èske ou tande vwa Sila k'ap rele ou vin jwenn Kris ? Se Li ki ka ede ou twouve chemen lavi a, chemen lapè. Jezi te di konsa : « *Se Mwen menm ki chemen an. Se Mwen menm ki verite a, se Mwen menm ki lavi a. Pèsonn pa ka al jwenn Papa a si li pa pase nan Mwen* » (Jan 14.6).

—Anne Hazelton

Tèks la sòti nan The Gospel for the Youth





Pawòl Granmoun

—Sannfòd Yodè

Lalwa Ki Pi Pisan An

« *Lalwa Sentespri a ap fè nou viv ansanm ak Jezikri, li delivre nou anba lalwa peche a ansanm ak anba lanmò* » (Women 8.2)

P lizyè ane pase, yon gwo gwo avyon, sa yo rele Boeing 747 te atèri nan yon ayewopò ki rele Santamaria toupre kapital la nan peyi Kosta Rika. Se te premye fwa yon gwo avyon konsa te atèri nan ayewopò sa a. Aterisay la se te yon premye eseye li te ye. Li te atire atansyon anpil anpil moun nan rejyon an. Moun yo te sezi lè yo wè gwose bagay sa a antre nan zòn lan depi anlè. Ala lòm fè mèvèy !

Lè pou avyon an derape ankò, tout motè yo te fè gwo bri. Gwo avyon lou a te kouri sou teren aterisay la, epi apre sa li te leve monte nan syèl la kote li te disparèt anlè a. Ala yon sezisman lè yon bagay ki peze kèk tòn kapab kite tè a pou monte anlè. Lwa pezanntè ta fè l' rete atè a, men malgre sa li monte jouk li rive nan kèk mil pye altitud. Pandan li anlè a, gwo bagay lou a tou libere, tankou yon zwazo. Kijan yo rive fè sa menm ?

Pou fè gwo jeyan sa yo monte anlè konsa, lòm te oblije dekouvri yon seri lòt lwa ki pèmèt li venk lwa pezanntè a ki anvi fè tout bagay ki lou rete atè a. Donk, lòm te aprann itilize lòt prensip pou l' te ka pote viktwa sou prensip pezanntè a.

Nan Women chapit 7, Apòt Pòl montre nou ki pisans lalwa peche a avèk lalwa lanmò a genyen. Lalwa sa a rann nou esklav devan peche, epi li kondwi nou nan lanmò. Tout moun fèt anba lalwa lanmò sa a. Pèsonn moun pa genyen fòs ase ni ladrès ase pou libere tèt li anba lalwa peche a ki mennen lanmò. Sèl bagay yon moun kapab fè se rele menm jan Apòt Pòl te rele : « ***Ala malere mwen malere, mezanmi ! Kilès ki va delivre m' anba kò sa a k'ap trennen m' nan lanmò ?*** » (Women 7.24).

Women 8.2 pale nou sou bèl lalwa Jezi Kris la ki libere nou anba peche epi anba lanmò. Lalwa sa a se Lespri lavi a nan Jezi Kris. Li depase lalwa peche a avèk lalwa lanmò a. Bondye, nan mizèrikòd Li te fè yon chemen kote nou kapab chape. Se nan Jezi Kris. Li ofri nouvo lalwa sa a pou chak moun ki repanti, ki livre tèt li bay Bondye pou l' resevwa lavi nouvo. Menm jan avèk yon Boeing 747 ki travèse

lalwa pezan tè a pou li monte vole anlè a, konsa tou nou kapab fè esperyans ak yon fòs ki travèse fòs peche ak fòs lanmò. Se lalwa Lespri lavi a nan Jezi Kris ki libere nou anba esklavaj peche ak lanmò. Se Li ki venk vye lalwa sa yo. Pisans sa a pa lwen. Li la pou tout moun ki repanti epi ki konfyè lavi li anba otorite Jezi Kris. « *Kounyeya, nanpwen okenn kondanasyon pou moun ki fè yon sèl kò ak Jezikri...* » (Women 8.1).

Donk, nan ka sa a, poukisa anpil moun toujou ap refize pisans mèveye sa a Bondye vle ofri nou ? Se yon isans ki pèmèt nou libere anba lalwa ki mare nou nan mond sa a avèk tout mechanste li yo.




Aktivite Timoun

REPONS

1. Lè Amòs te al bay poul yo manje, li te jwenn kèk poul ki mouri.
2. Manman te mete nan tèt li se Lasi ki te manje poul yo.
3. Yo te deside mare Lasi chak fwa yo tout pati.
4. Amòs te anba tantasyon pou li lage Lasi pandan pa t' gen moun nan lakou a.
5. Papa te toujou konn di ou pa fè erè lè ou chwazi obeyi.
6. Se te yon bèt mawon ki te touye poul yo pandan Lasi te mare.
7. Amòs te deside granmoun yo merite pou ou obeyi yo.

SEKSYON PARAN



KONPRANN RESKONSABILITE MWEN YO

Devlope Kè Yon Sèvitè

Leson 10b

REFLEKSYON PÈSONÈL

1. Nan ki fason ou ap sèvi pèp Bondye a ? Bay detay.
2. Èske genyen bagay legliz la te mande ou fè ke ou genyen repiyans fè (oubyen te genyen repiyans fè) ? Poukisa ou te genyen repiyans pou ou fè sa ? (Èske ou te santi ou pa kalifye ? Èske ou te santi lòt moun te kapab fè sa pi byen ? Èske ou te santi se te yon travay okenn lòt moun pa t' vle ? Èske ou te vle chape anba obligasyon an ?).
3. Èske genyen moun nan legliz la ou panse se ou ki pou ta fè travay y'ap fè a ?
4. Èske ou gentan lapriyè Seyè a pou mande L' ki jan ou ka sèvi pi byen nan wayòm Li ? Èske ou gentan ofri ou menm ba Li pou nenpòt sèvis Li ta vle mande ou fè ?

5. Kilès nan Bib la ki fè egzanp yon bon sèvitè (ki rann sèvis byen) ? Ki kalite yo te genyen ke ou admire ?

PREZANTASYON EKRI TI A

Jezi rele yo, li di yo : Nou konnen ki jan chèf nasyon yo trete pèp la tankou esklav. Grannèg yo renmen fè moun santi jan yo gen pouvwa. ²⁶Men, se pa konsa pou sa fèt nan mitan nou. Okontrè, si youn nan nou ta vle vin grannèg, se pou l' sèvi nou tout. ²⁷Si youn nan nou ta vle chèf, se pou l' esklav nou tout. ²⁸Se konsa, mwen menm, Moun Bondye voye nan lachè a, mwen pa vini pou moun rann mwen sèvis, men mwen vini pou m' rann moun sèvis. Wi, mwen vin bay lavi m' pou peye delivrans anpil moun Matye 20.25–28.

Menm jan domestik la ap gade sou mèt li, menm jan sèvant la ap gade sou metrès li, se konsa m'ap gade sou Seyè a, Bondye nou an, jouk la gen pitye pou nou. Sòm 123.2.

Nenpòt travay yo ban nou fè, fè l' ak tout kè nou tankou si se pa pou lèzòm nou t'ap travay, men pou Seyè a. ²⁴Sonje byen: Seyè a gen pou ban nou rekonpans nou: l'ap ban nou eritaj li sere pou moun pa l' yo. Paske, mèt n'ap sèvi tout bon an se Kris la. Kolosyen 3.23–24.

Se sak fè, frè m' yo, jan Bondye fè nou wè li gen kè sansib pou nou an, se pou nou ofri tout kò nou ba li tankou ofrann bèt yo mete apa pou Bondye, bèt yo ofri tou vivan epi k'ap fè Bondye plezi. Se sèl jan nou dwe sèvi Bondye tout bon. ²Pa fè menm bagay ak sa moun ap fè sou latè. Men, kite Bondye chanje lavi nou nèt lè la fin chanje tout lide ki nan tèt nou. Lè sa a, na ka konprann sa Bondye vle, na konnen sa ki byen, sa ki fè l' plezi, sa ki bon nèt ale. Women 12.1–2.

Se pou nou youn gen pou lòt menm santiman ki te nan Jezi, Kris la : ⁶Sa Bondye ye a, se sa l' te toujou ye. Men, li pat' janm konsidere sa tankou yon avantaj pou l' te chache kenbe ak tout fòs. ⁷Okontrè, se li menm pou tèt pa l' ki chwazi mete sa sou kote. Li te pito tounen yon domestik. Li pran fòm youn moun, li vin tankou tout moun. ⁸Li rabese tèt li. Tankou youn moun, li soumèt devan Bondye. Li obeye Bondye jouk li rive asepte mouri, wi jouk li asepte mouri sou kwa a. Filipyen 2.5–8.

Si mwen menm ki Seyè, mwen menm ki Mèt, mwen lave pye nou, konsa tou, nou menm, se pou nou youn lave pye lòt. ¹⁵Mwen ban nou yon egzanp pou nou ka fè menm bagay mwen te fè pou nou an. Jan 13.14–15.

Se menm jan an tou pou nou, lè nou fin fè tou sa yo te mande nou fè, se pou n' di : Se domestik nou ye, nou fè sa n' te dwe fè. Lik 17.10.

KONPRANN LEKRI TI YO

Jezi rele yo, li di yo : Nou konnen ki jan chèf nasyon yo trete pèp la tankou esklav. Grannèg yo renmen fè moun santi jan yo gen pouvwa. ²⁶Men, se pa konsa pou sa fèt

(Kontinye nan paj 20)

ISTWA BIBLIK

JEZI KÒMANSE MINISTÈ LI

Rele Disip ak Fè Dlo Tounen Diven

Jezi te konnen lè a te rive pou l' kòmanse gwo ministè Li. Travay Li se te fè tout monn lan konnen ke wayòm Bondye a te rive sou latè. Malgre Li pa t' deklare tèt Li kòm wa, Li te montre gran lamou ak pisans Bondye nan plizyè fason.

Jezi te bezwen moun pou ede Li nan gwo travay sa a. Konsa Li te chwazi douz moun pou ede Li. Kèk nan yo te pechè pwason. Li te rele moun sa yo disip Li. Jezi pa t' janm sipliyè disip Li yo pou yo vin jwenn Li ; Li te sèlman envite yo fè sa. Li te di : « Swiv Mwen. Mwen va fè nou pechè lèzòm. »

Youn nan disip Li yo se te yon pèseptè kontribisyon yo te rele Matye. Nonm sa a te kite travay li ak kè kontan pou l' swiv Jezi. Li te vle tout zanmi li yo rankontre nonm mèveye sa a. Konsa li te envite anpil moun nan yon gwo dine.

Men sa te fwase lidè legliz Jwif yo. Yo te di : « Tout envite sa yo se move moun. Si Jezi se yon bon moun, epi Li se mèt ou, poukisa Li manje ak yo ? »

Jezi te reponn : « Èske nou ale kay doktè lè nou ansante ? Non, sèlman moun ki malad bezwen yon doktè. Mwen sòti kote Bondye pou geri epi padone sila yo ki malad paske yo fè peche. »

Yon jou yo te envite Jezi ak disip Li yo nan yon maryaj nan vil Kana. Pandan resepsyon nòs la, yon pwoblèm te rive. Diven an te fini. Manman Jezi, Mari, te di Li : « Yo pa gen diven ankò. » Kè li te fè li mal pou lemarye a ak fanmi li yo.

Pandan Li te lonje dwèt li sou sis ja, Jezi te pase lòd : « Plen ja sa yo dlo. »


Sèvitè yo t' ap mande youn lòt : « Èske Li pa konnen se diven nou bezwen, se pa dlo ? » Men Mari te di yo pou fè nenpòt sa Jezi te di. Konsa sèvitè yo te pote plis pase 100 galon dlo.

Lè Jezi te di sèvitè yo pou pran ti gout nan ja yo, yo te remake yon bagay dwòl. Yo te di : « Gade ! Se pa dlo ankò non—se diven ! »

Anvan lontan tout moun t' ap apresye yon bon kalite diven. Yo te di : « Diven sa a menm pi bon pase premye diven an. »

Se te premye mirak Jezi te fè. Sa te rann disip Li yo te kwè nan Li e yo te fè Li konfyans plis toujou.

Matye 3.13-17 ; 4.1-11 ; Mak 1.1-13 ; Lik 3.15-23 ; Jan 1.25-34



Jezi fè dlo tounen diven nan yon nòs.

Pawòl la tounen moun. Li te vin viv nan mitan nou, Li mennen yon lavi ki te konfòm nèt ak verite a, ak renmen nan tout kè Li. Nou wè pouvwa Li, se te pouvwa Bondye Papa a te bay sèl Pitit Li a. (Jan 1.14)

1. Kijan Jezi te rele douz moun ki te ede Li yo ?
2. Kisa Jezi te di sèvitè yo fè nan nòs la ?
3. Kisa ki te rive dlo nan ja yo ?

Itilize avèk pèmisyon :
Christian Aid Ministries, Berlin, Ohio
Atik sa a sòti nan : 101 Pi Bèl Istwa Nan Bib La © 1994

nan mitan nou. Okontrè, si youn nan nou ta vle vin grannèg, se pou l' sèvi nou tout.
²⁷*Si youn nan nou ta vle chèf, se pou l' esklav nou tout.* ²⁸*Se konsa, mwen menm, Moun Bondye voye nan lachè a, mwen pa vini pou moun rann mwen sèvis, men mwen vini pou m' rann moun sèvis. Wi, mwen vin bay lavi m' pou peye delivrans anpil moun.*
 Matye 20.25–28.

OBSÈVASYON #1 : Yon kè sèvitè pa natirèl pou nou ; nou gen tandans pou gouvènèn.

Jezi te bay ansèyman sa a nan prezans yon manman ki te anbisye, de (2) disip ki t' ap chache pozisyon espesyal, e dis lòt disip ki te endiyè ak de (2) disip sa yo. Okenn nan yo pa t' ankò genyen kè yon vrè disip. Manman an te vle pou pitit gason li yo nan gran plas anlè, e pa nan ti plas anba. De (2) pitit gason li yo te vle menm bagay la. E lòt dis (10) disip yo te twouble tou. Byen petèt se paske anbisyon yo te wè nan premye de (2) disip sa yo te sanble ak sa yo chak te genyen. (Dis (10) lòt yo te ka ap panse : Kèl odas ! Pou mande chita youn adwat e youn agòch Mesi a ! Konsa yo vle chèf sou nou tout. Saf yo saf konsa, wi ! Yo pa merite anyen plis pase nou). Nou pa ka di egzakteman ki jan dis (10) disip yo te panse e ki jan yo te plenyen, men nou ka sèten kè yo pa t' pi byen prepare pou rann sèvis pase de (2) lòt disip yo ki te chache plas espesyal.

Tandans natirèl fè nou chache premye plas nan yon liy. Li fè nou anvi kanpe sou tèt pil la. Tandans natirèl vle pou lòt moun gade nou poutèt pozisyon nou, e li vle pou nou ka pase moun lòd. Sa se tandans natirèl nou. Selon nati nou, nou pa vle wè malere yo, nou meprize travay ki pa onore, e nou evite pran plas sèvi lòt moun.

Pou yon moun devlope kè yon sèvitè, sa mande yon chanjman ki fè moun lan viv san li pa anba dominasyon volonte natirèl la ankò. Bagay sa a se yon bagay ki negatif e pozitif alafwa: li negatif paske vye nati a oblije mouri ; li pozitif paske nouvo nati a dwe fèt pamwayen linyon vivan avèk Jezi. Ansyen mantalite a te konn di konsa: « mwen menm devan an » . Se yon nouvo mantalite ki dwe ranplase l' : « Jezi an premye » e « mwen viv pou byen lòt moun. »

Viv chak moman ak mantalite yon sèvitè pa natirèl, men sa pa vle di li va san okenn bonte pou moun ki fè li. Rann sèvis jan Jezi te rann sèvis se yon bagay ki reyèlman rich. Li fè moun santi yo gen rezon pou yo viv, li bay yo satisfaksyon, epi li ba yo lajwa.

Kesyon Pou Etid

1. Gade kontèks evènman sa a (Matye 20). Nan ki pwèn nan ministè Jezi evènman sa a te rive ?
2. Jezi t'ap pwoche krisifiksyon Li. San okenn dout Li te genyen panse lou ki t'ap peze l' lè sa a. Kisa pasyans Li anvè disip Li yo anseye nou sou afè rann sèvis ?
3. Kòman disip yo te kapab rann sèvis pou Jezi nan moman sa a ?

4. Èske ou kapab panse sou kèk egzanp Biblik ki montre ki lide moun lòt nasyon yo te genyen nan afè rann sèvis ?
5. Kòman egzanp sa yo kontrè avèk lavi Jezi ?

Menm jan domestik la ap gade sou mèt li, menm jan sèvant la ap gade sou metrès li, se konsa m'ap gade sou Seyè a, Bondye nou an, jouk la gen pitye pou nou. Sòm 123.2

Nenpòt travay yo ban nou fè, fè l' ak tout kè nou tankou si se pa pou lèzòm nou t'ap travay, men pou Seyè a. ²³Sonje byen : Seyè a gen pou ban nou rekonpans nou : l'ap ban nou eritaj li sere pou moun pa l' yo. Paske, mèt n'ap sèvi tout bon an se Kris la. Kolosyen 3.23, 24

OBSÈVASYON #2 : Lespri yon sèvitè (moun k'ap rann sèvis) ap konsantre sou Bondye.

Òdinèman, lè yon kwayan ap rann sèvis nan Non Jezi, sa fèt pami moun—yo pran tan pou fè kèk bagay ki demontre dousè ak lamou. Men vrèman, se pa moun n'ap sèvi ; se Bondye nou sèvi. Moun ap toujou chanje. Pafwa yo va dezagreyab. Yo pa merite favè nou pafwa. Yo ka egzijan, epi yo ka engra. Si se moun nou sèvi, anvan lontan nou va tonbe nan konfizyon, konpwomi, fristrasyon e dekourajman.

Je nou dwe sou Mèt la dabò. Nou di sa Li di. Nou ale kote Li voye nou. Nou fè sa Li kòmande nou. Se sou Li nou konte. Nou pran plezi nan konnen e nan fè volonte Li. Lespri nou e kè nou devwe pou konprann bi Li yo, etann wayòm Li, e fè travay Li konfyè ban nou. Nou resevwa direksyon nan men Li e nou jwenn satisfaksyon nan Li pandan n' ap obeyi. Nou gentan ba Li lavi nou e tout glwa a se pou Li pou tout tan. « Paske se nan li nou gen lavi, se nan li nou ka bay kò nou mouvman, se nan li nou gen legzistans » (Travay 17.28).

Kesyon Pou Etid

1. Sòm 123.2 pale sou relasyon ki genyen ant Seyè ak sèvitè. Kisa Seyè a kapab espere nan sèvitè Li yo ? Kisa sèvitè yo kapab espere nan men Seyè yo a ?
2. Pou sila yo k'ap sèvi yon mèt ki sou latè, kòman sityasyon yo ka chanje si yo konsantre yo sou sèvi Seyè a dabò ?
3. Èske ou kapab bay kèk egzanp nan Bib la kote yon moun t'ap eseye sèvi moun olye Bondye ?
4. Kisa ki te rezilta a lè sa a ?

(liv sa a va kontinye nan pwochèn edisyon an)

—John Coblenz

Utilize avèk pèmision : Christian Light Publications, Inc
Harrisonburg, VA Ozetazini
Tout dwa rezève



ISTWA MATI YO

**Matye, Evanjelis la, Lanne 70 Anviwon
(Klouwe Atè a, Tèt Li Te Koupe Nan Zòn Nad-Davar
Sou Reny Wa Hytacus)**

Matye, yo te rele l' Levi tou, se te pitit yon mesye ki te rele *Alpheus*. Matye se te yon pèseptè kontribisyon nan lavil Kapènawòm. Sa vle di li te la pou ranmase taks pou leta Wòm. Jwif yo te rayi pèseptè kontribisyon yo paske kòm Jwif yo te santi yo pa t' dwe peye taks devan okenn chèf payen. Matye 9.9 ; Mak 3.18 ; Lik 5.29. Pi mal toujou, pèseptè yo te souvan peze moun yo pou yo bay plis lajan pase sa leta t'ap mande a ; konsa, moun ki mache dwat yo pa t' vle wè yo. Nan je pèp la, pèseptè yo te nan menm nivo avèk moun ki lage kò yo ouvètman nan tout kalite peche. Matye 9.11 ; 18.17.

Pandan Matye (Levi) te toujou ap chache lavi nan aktivite kwochi, Kris la te kontre avè l'. Jezi te montre l' gras, epi Li te envite l' swiv Li kòm disip. Yon bagay andedan Matye te pouse l' swiv Jezi vre. Li te vire do bay aktivite li yo. Matye te prepare yon gran fèt pou selebre dèske li t'ap kite zanmi li yo. Li te envite pèseptè parèy li yo ansanm ak Jezi tou. Sanble li te vle di orevwa yon fason ki ta ede yo konvèti tou dèske yo tandè Jezi pale nan fèt la.

Aprè sa, Matye te kouri abandone tout bagay. Avèk zèl, li te swiv Senyè a ki te rele li. Aprè yon peryòd enstriksyon, Jezi te chwazi mete Matye pami douz (12) disip Li yo. Matye te kenbe wòl sa a jouk Kris te mouri. Matye 10.3 ; Lik 6.45.

Aprè sa, lè disip yo te gaye pou yo al anseye payen yo, Matye te fè wout pou Etyopi. Men anvan li te kite Jide, anba pouvwa Sentespri a, Matye te ekri liv Levanjil li a nan lang Ebre, epi li te kite l' nan men moun Jide yo.


Nan peyi Etyopi, Matye te akonpli anpil bagay. Li te anseye, epi li te fè mirak. La tou Matye te kite liv Levanjil li te ekri a lè li mouri. Nan liv Levanjil Matye te ekri a, nou wè lafwa li te genyen nan Jezi Kris kòm Pitit Gason Bondye a ...grasa

pouvwa Sentespri epi grasa manman L', Mari, Kris te devni yon moun tout bon. Matye 1, tout chapit la.

Selon istwa a, touswit apre lanmò Wa *Aeglippus*, ki te zanmi Kreyen yo, se te Wa *Hytacus* ki te ranplase li. *Hytacus* te yon payen. Li te pèsekite Matye. Rive yon lè, pandan Matye t'ap anseye legliz la, *Hytacus* te voye moun mete men sou li. Selon sa kèk moun ekri, yo te klouwe Matye atè a epi yo te koupe tèt li. Se te nan lavil *Naddavar*, kapital Etyopi a. Se la yo te antere Matye. Nou kapab di sa paske plis pase mil ane pase yon moun ki te rele *Venantius Fortunatus* te ekri sa a : « Paske gran vil la, *Naddavar*, nan dènye jou a va restore pou nou gran apòt la, Matye. » Yon lòt otè ankò di yo te klouwe Matye atè avèk flèch, jouk li te mouri.

Istwa sa a sòti nan yon liv ki rele *Martyr's Mirror (Glas Mati yo)*.





CHEMEN LI TE CHWAZI A

Laj Lajennès *Chapit 2c*

Pandan Manman an t'ap ranje detwa rad, Papa a te mande Sara : « Ou vle jwe dam avè m' jouk timoun yo vini sòti lekòl ? Pou di vre, pito se Manman ou ki jwe avè ou. Li merite yon ti repo. »

Sara pa t' sou jwe. Men, avèk obeyisans, li te al dèyè jwèt la epi li te ranje l' sou tab la.

Manman l' te di konsa : « Nou mèt jwe nou menm. M'ap repoze pandan m' ranje rad sa yo. »

Yo te gentan jwe twa (3) pati lè timoun yo vole antre nan kay la. Jak te kouri anonse : « Li fè frèt anpil deyò a. Pral gen nèt talè. »

Manman l' te souri pou l' akeyi timoun li yo. Li di : « Wi. Sanble se vre. Al retire rad sou nou tout, apre sa m'ap prepare yon bagay pou n' mete nan vant nou. »

Timoun yo te kouri ale nan chanm pa yo, epi Manman an te mande Sara : « Ki manje ou panse nou dwe kwit jodi a ? »

Sara pa t' enterese nan kesyon an. Li reponn : « M' pa konnen. M' pa sou manje. »

Manman l' te lonje men l' pou li touche fwon pitit fi li a. Li di : « Se paske ou gripe, gen lè. Men, m' pa kwè ou genyen lafyèv. Kanmenm, aswè a pito ou dòmi bonè pou kò ou ka byen repoze. »

Sara te reponn : « M'ap bon, wi. » San pèdi tan li te al pran kèk ponmdetè. *Poukisa li te akable konsa ? Èske se gripe li gripe ? Èske se fredri a ? Sa k'ap pase lakay li ?*

Pandan Sara t'ap kale ponmdetè, manman l' te ale nan ti depo a pou l' chache yon bagay pou fanmi an manje. Je l' tonbe sou yon krèm, li di nan kè l' : « M'ap brase krèm sa a pou m' mete l' ansanm avèk kèk pèch. Se desè sa a Sara pi renmen. Petèt sa kapab reveye li. »

Papa l' te leve pou l' sòti deyò, malgre li pa t' tèlman kontan kite chalè kay la pou l' al bwè fredri a deyò a. Pandan timoun yo te nan chanm ap dezabiye, li te mete bòt nan pye l' epi yon gwo manto sou do l'.

Papa te mande Sara : « Ou pou kont ou nan kizin lan jodi a ? Ou vle m' di Lora pou li rete ansanm avèk ou pou ba ou kout men ? »

Sara te reponn tou kout : « Non. Vye dam lan pa lwen. L'ap tounen vin ede m'. »

« Sara ! » Vwa Papa a te fè Sara pantan, epi konsa nanm li retounen sou li voup ! Li vin reyalize ki gwo malonèt li te bay manman l' lè li rele li 'vye dam lan'. Toutan Sara te tande timoun yo nan lekòl la itilize fraz sa pou pale sou manman yo. Anvan moman sa, li pa t' janm itilize l' li menm. Pèsonn moun nan kay la pa t' konn itilize langaj sa yo. Dlo te koule sòti nan je l' tonbe nan dlo ponmdetè yo. *Ayayay ! Poukisa mwen te pale lèd konsa ?* Sara pa t' konprann tèt li nan moman sa a. Sa fè de (2) fwa li te derespekte manman l' jou apremidi sa a. Men poukisa ?

Se lè sa manman l' te antre nan kizin lan ap fredonnen ak kè kontan. Li t'ap pote krèm lan ansanm avèk yon bokal plen pèch.

Mezanmi, mwen swete Papa m' pa di anyen ! Mwen pa vle Manman konnen sa m'

te di. *Pito Papa m' bat mwen epi sa fini.* Sara t'ap panike. Li te pè. Pandan plizyè ane li pa t' nan pran baton pou dezòd. Men, kounyeya li te santi doulè te nan papòt la. Li pa t' vle pou manman l' ta oblije tande vye mo derespektan li te pale a. Sa t'ap blese manman l' twòp.

San di yon mo, Papa l' te vire ale bò pòt kay la. Sara te gade agòch adwat. Tout timoun yo te toujou nan chanm yo. Yo pa t' tande anyen. Sara te sove ! Li t'ap imajine kòman sa t'ap ye si youn nan timoun yo te tande vye fraz la nan bouch li. Pi devan timoun yo tapral repete menm bagay la kanmenm, sou kont Sara.

Manman an te mande mari l' : « Ou santi ou pi bon kounyeya ? »

Li te reponn : « Wi. M' panse ti tan sa mwen te fè chita bò dife a te ede m'. » Pou Sara, vwa papa l' te parèt serye epi tris. Li di ankò : « Voe timoun yo vin ede m' deyò a, konsa n'ap ka fini pi vit. »

Sara te rete ap gade nan fennèt. *Fòk mwen gen kontwòl tèt mwen. Lè m' fè vye bagay sa yo, se tèt mwen m'ap fè tò, epi se blese m'ap blese moun pa m' yo.* Dlo nan je l' te fè li pa t' ka wè byen sa l' t'ap fè ak men l'.

Nan jou ki te vini apre yo, Sara te fè efò pou li pi kontan, pou li soumèt pi byen devan paran li yo. Li te pase plis tan ap li Bib la epi ap priye. Li te priye konsa avèk tout kè l' : « Papa m' nan syèl la, mwen pa pase anpil tan nan kominyon avèk Ou. M' regrèt sa. Ede m' fè pi byen. » Relasyon l' avèk Senyè a te amelyore pandan li t'ap chache venk lògèy ak peche avèk konkou Bondye. Grasa Bondye, lavi li te vin pi rich. Li t'ap grandi nan lafwa, epi avèk tout kè l' li te eseye trase yon bon egzanp pou timoun yo ki te dèyè li.

* * * * *

Yon nouvèl te kouri nan tout ti vale a kote *Germantown* te sitiye. Fanmi Milè te gentan vann tè pa yo a. Talè konsa, yon nouvo fanmi tapral antre nan katye a. Men, se te yon sijè tristès pou Sara. Mari, pi bon zanmi l', p'ap la ankò. Sara te prèske nan dizwitan (18) kounyeya. Nan tout ane sa yo, kominote a te toujou rete prèske menm jan an. Pa t' gen okenn gwo chanjman. Li te sonje yon sèl okazyon kote yon nouvo fanmi te antre nan zòn lan. Lè sa li te nan premye ane lekòl la konsa. Li pa t' ka imajine kòman lavi li pral ye kounyeya san Mari pa la pou li. Depi yo te timoun piti ansanm, se Mari sèl ki te konnen tout ti sekre li yo.

Sara te pale avèk papa l' avèk espwa. Li te di : « Papa, èske fanmi Benndè k'ap vin rete la a genyen yon pitit fi menm laj avè m' ? » Li te mete nan tèt li

nouvo vwazen yo t'ap genyen yon fi ki nan nivo pa l', konsa pou li twouve yon nouvo zanmi. Konsa tou, li te konnen okenn moun pa t'ap ka ranplase sa Mari te reprezante pou li.

Papa l' te reponn : « Mwen poko konnen. Mwen konnen yo genyen dis (10) pitit, epi yo poko genyen pitit ki nan laj diznèvan (19). Donk, byen petèt yo genyen pitit ki nan menm laj avèk nou tout. »

Sara te di konsa : « Mwen swete pi gran an se yon fi ki kapab konble vid la Mari kite nan vi m'. »

Papa l' te remake kijan Sara t'ap chache enterè pa l'. Li te ri pandan li te reponn : « Sa t'ap bon vre, pou ou. Men, Frè Milè te fè m' konnen fanmi Benndè plen gason, epi konsa yo te bezwen anpil gwo jaden pou okipe tout nèg sa yo. »

Sara te dekouraje. Li di : « A bon ! Enben, sanble pi gran yo se gason, epi tout fi yo piti. »

Manman l' te oblije souri. Li te bay lide pa l' : « Menm si genyen gwo gason, sa pa vle di pa genyen gwo fi tou. Ann tann pou n' wè pito, anvan nou kouri ale lwen. »

Se de (2) jou ase yo te oblije tann. Fanmi Benndè a te gentan voye tout afè yo detwa jou davans sou yon tren ki te la pou pote chaj. Apre sa, fanmi an te rive detwa jou apre sou yon lòt tren ki te la pou pote pasajè. Nan *Germantown*, estasyon an kote tren yo te toujou kanpe se te tou dwat nan mitan bouk la, anfas yon ti magazen. Se konsa, jou Mesye Benndè te rive ansanm ak tout fanmi li se te yon espektak ki te rale atansyon anpil abitan nan zòn lan. Yo te wè mèb, pwovizyon, ak zouti travay. Alafen, tout afè moun yo te antre nan de (2) gwo charyo. Chak charyo te genyen de (2) gwo cheval ki te la pou trennen l'. Genyen nan pitit gason yo ki te monte chita anlè sou tèl mèb yo. Genyen lòt ki t'ap mache atè bò charyo yo. Genyen lòt ankò ki t'ap mennen bèf ak kabrit. Te genyen ti vizaj piti ki t'ap gade nan tout ti twou yo nan kouvèti charyo yo. Tout kote yo t'ap pase, moun *Germantown* yo te kite sa yo t'ap fè pou kanpe gade pwosesyon etranj sa a.

Papa Sara t'ap travay nan jaden frèz la bò wout la lè charyo yo te pase. Mesye Woubenn Benndè te kanpe cheval li yo pou li salye Papa Sara. Li di : « Bonjou, vwazen ! Sanble se ou menm ki Mesye Yodè. Se tè pa ou la ki kole ansanm avèk tè Mesye Milè, pa vre ? »

« Wi. Non pa m' se Djonn Yodè. Tè pa nou an sitiye bò kote tè Frè Milè a. Byenvini nan *Germantown* ! Nou swete ou va twouve kontantman isi a. »

Mesye Benndè te yon gwo gason, epi li te reponn avèk yon vwa ki te gwo tou : « A ! Men wi ! Sanble rekòt yo anfòm isi a. Se sa menm n'ap chache. »

Andedan kay la, Sara te kache dèyè yon rido. Li pa t' ka tandè tout bagay papa l' t'ap di, men li te tandè l' di konsa : « Lè nou te antre nan zòn lan, priyorite pa nou an se te pou n' jwenn yon legliz kote moun yo kwè nan Bib la, kote yo pratike sa Bib la di. Nou kwè nou te jwenn sa isi a. »

Sara te kouri gade tout timoun yo. Vizaj yo t'ap plede parèt nan tout ti twou yo. Yon jennonm avèk cheve fonsè t'ap mache bò kote charyo yo. Avèk detwa pa ase, li te gentan fin janbe ti wout la pou l' antre nan jaden an kote Mesye Benndè t'ap pale avèk papa Sara. Sara te tandè gwo vwa jennonm lan di konsa : « Bonswa, Mesye Yodè. Se yon plezi pou rankontre ou. »

Sara t'ap etidye jenn gason an ki te kanpe pale avèk papa l'. Li t'ap admire li. *Mesye sitèlman byen kanpe. Gade fòs li genyen. Ki laj li dwe genyen konsa ?* Apre sa Sara te wont dèske li te kouri panse bagay sa yo. Paran l' yo te toujou anseye l' pou li veye panse k'ap travay nan tèt li. Men, ki mal ki genyen nan sa si li gade bon kalite ki genyen lakay yon jenn gason ? Sara te regrèt Mari pa t' la avèk li pou yo te ka viv moman espesyal sa a ansanm. Mari t'ap oblije ri pou panse yon « moun espesyal » te ka antre nan ti zòn lan vre. Panse yo ki te nan tèt Sara te rive lwen. Se pa t' lide ki te fin apwopriye. Lide pa l' yo te anpeche li genyen bon lide dwat sou afè mennaj ak maryaj nan tèt li, yon sijè ki merite apa pou Bondye.

Sara te kontinye egzaminen tout timoun yo li te ka wè ak je l'. Li te anvi wè yon jenn fi tankou l'. Kounyeya, li te vin klè pi gran yo se te gason yo tout te ye. Li te wè plizyè tifi tou piti. Sanble pa t' genyen okenn gwo jenn fi ansanm avèk yo. Sara t'ap panse : *Mari avè m', nou va toujou ekri youn lòt.* Li t'ap eseye konsole tèt li. Ak kouraj, li te vle jere move nouvèl la. *Men, ekri lèt youn bay lòt se pa menm bagay avèk chita pale ansanm.*

(N'ap kontinye istwa a nan yon lòt edisyon)

— Mari Milè
Rod and Staff Publishers
(Piblikasyon Baton ak Gòl)



SEKSYON TIMOUN



Ou Pa Fè Erè Lè Ou Gkwazi Obeyi

Se te yon jou Dimanch. Li te fè chalè. Amòs te kouche plat sou do l' anba yon pyebwa. Zwazo yo t'ap fè bri anlè a jouk sa te deranje Amòs.

Li te vire gade chen li a ki te bò kote li. Li di chen an : « Lasi, bèt sa yo pa gen dwa antre nan lakou lakay mwen, pa vre ? » Amos te lonje men l' sou ti bèt anlè yo, epi konsa Lasi te tonbe fè bri sou yo. Malerezman, yo pa t' okipe chen an. Amòs di : « Yo pa tandè ou, non. Demen m'ap ede ou kenbe yo, tandè ? » Lasi te kouche ankò. Li poze tèt li sou de (2) pat devan yo.

Amòs di konsa : « Ou se yon bon chen. Kisa m' t'ap fè si ou pa t' la ? »

Yon ti tan apre sa, papa Amòs te sòti nan kay la. Li di : « Lè a rive pou ou fè bèf yo antre anndan. Lè ou fini, bay poul yo manje, tandè ? »

Amòs te reponn : « E Sizàn ? Li p'ap vini ? »

« Li p'ap vini jouk pita. »

Amòs pa t' kontan. Li t'ap plenyen nan kè l'. *Sizàn genyen de (2) ane anplis mwen, epi li panse li ka lage tout travay yo sou kont mwen.* Apre sa, li pale pou chen an tande : « Vini, Lasi. Ann al chache bèf yo. »

Lè bèf yo te prèske fin antre nan pak la, Amòs te pati pou poulaye a. Li pa t' dakò pou Lasi antre ansanm avè l'. Pandan li t'ap antre nan ti lakou a ki antoure kay poul la, li te pantan. Nan kwen an li te remake detwa poul mouri ! Li te avanse pou l' gade byen. Se te wit (8) poul ki mouri. Yon bèt te touye yo, epi li te manje yon bò nan chak. Amòs te di nan kè l' : *Genlè se yon rena ki fè travay sa a.*

Amòs te kouri ale nan gwo depo a pou li fè papa l' konnen. Ansanm, papa avèk pitit te ale nan poulaye a. Pandan yo te nan wout, yo te kontre avèk Manman an ki te tou mache ansanm avè yo. Papa a te egzaminen kadav yo. Li te di : « Se yon bèt mawon ki antre isi a. »

Manman l' te bay yon lòt sijesyon : « Osinon yon chen. »

Yo touletwa te al gade lantouray la byen gade. Se klè ki kote yon bèt te pase anba fil yo pou li antre nan poulaye a tout bon vre.

Manman l' te di konsa : « M' panse fòk nou mare Lasi chak fwa nou tout pati. »

Amòs te fè tout travay yo li te konn fè nan gwo depo a pandan papa l' t'ap ranje lantouray la. Apre sa li t'ap gade Lasi. Pandan li te pase men nan tèt li, li di chen an tou dousman : « Se pa t' ou moun ki te touye poul yo, pa vre ? »

Apre sa, tout fanmi an te swiv poul yo pi byen. Anyen pa t' fèt pandan yon bout tan. Amòs pa t' twò deranje poutèt poul yo ki te pèdi. Men, kè l' te kase paske si genyen poul ki pèdi ankò, ta sanble yo pral lage chay la sou Lasi.

Konsa, yon bon jou, Sizàn te jwenn kat (4) poul ki mouri.

Manman an te mande Amòs : « Ki kote Lasi te ye, en ? »

Amòs te reponn : « Li te avè m' prèske tout jounen an. Li renmen kouche anba galeri a chak apremidi. »

Sizàn te bay lide pa l' : « Toutan m'ap di pito nou pa genyen chen isi a. Si se pa t' pou chen sa a, nou t'ap gentan konnen deja se yon bèt mawon k'ap plede antre. »

Pita nan menm jou apremidi sa a, Papa a te di Amòs : « Ann swiv Lasi pi pre, tandè ? Pito nou mare li chak fwa nou tout pati. Si se li menm k'ap manje poul yo, fòk nou fè yon fason pou li pa isi a ankò. »

Lekòl te ouvri. Amòs te di Lasi orevwa, epi li te voye l' al jwenn Papa l' nan travay li yo. Lè Amòs te sot lekòl, li te jwenn Lasi mare. Sizàn t'ap travay nan kizin lan. Amòs te mande li : « Pou ki rezon ou te mare Lasi, en ? »

« Paske Papa m' al ede yon vwazen lakay li, epi mwen pa ka pase jounen an ap okipe yon vye chen. »

Amòs te sòti deyò, epi li te lage Lasi. Chen an te kouri fè wonn jennonm lan yon pakèt fwa, sitèlman li te kontan li pa mare ankò.

Nan demen, Sizàn te gen yon randevou kay yon doktè dan. Li menm ansanm ak Manman l' taprale lavil ansanm. Nan wout tounen an, yo te fè lide pase vizite Matant Rachèl. Papa l' tapral pase tout jounen an nèt lakay vwazen an ap okipe yon rekòt mayi. Amòs te dwe ale lekòl. Sa vle di, Lasi tapral fè tout jounen an nèt nan kòd.

Se Amòs ki te dènye moun nan lakou a jou maten sa a. Tout lòt yo te deja pati. Lè l' rele Lasi, Lasi te kouri vin jwenn li. Men, lè je l' tonbe sou kòd la, li kouche plat atè a ap plenyen. Kè Amòs te fè l' mal pou chen an. « Se pa jis. Ou pa dwe fè jounen an mare nan kòd. »

Amòs fè tèt li travay. M' panse m'ap kite li lage. Manman m' ak Sizàn p'ap tounen jouk pita nèt. Se mwen k'ap rive anvan yo tout. Pèsonn p'ap konnen si chen an fè jounen an lage.

« Oke, Lasi. Piga ou di moun yo mwen pa t' mare ou, tandè ? »

Amòs te ranmase valiz li a, epi li te pati pou lekòl li a. Li pa t' ankò rive lwen lè li te kanpe. Se kòm si li te tandè vwa papa l' k'ap repete yon bagay li te renmen di toutan : « Ou pa fè erè lè ou chwazi obeyi. »

Amòs te nan yon lit avèk tèt li. Pèsonn p'ap konnen anyen. Si Manman m' ak Sizàn ta rive lakay anvan mwen, mwen ka toujou di yo se bliye mwen te bliye mare chen an. Men, si m' fè sa, se manti m'ap bay.

« Ou pa fè erè lè ou chwazi obeyi. » Pawòl la t'ap chante nan tèt Amòs kounyeya.



Alafen, li depoze valiz la atè, li kouri retounen, epi li mare Lasi. Pandan li t'ap kite lakou a, chen an tonbe rele. Men, Amòs pa t' okipe li.

Tout jounen an nèt, Amòs t'ap panse avèk chen an ki mare nan lakou a. *Li p'ap ka al kouche kote li renmen al kouche.* Apre lekòl, se kouri li te kouri rive lakay. Anvan li te antre nan kay la, li te gentan lage Lasi deja. Li retire rad sou li, epi li pati ak Lasi pou yo al chache bèf yo.

Pita, pandan li t'ap fè lòt travay nan lakou a, Amòs te tandè Manman l' ak Sizàn antre. Anvan lontan, Sizàn te kouri vin jwenn Amòs. Li di : « Èske ou te mare Lasi jodi a ? »

« Men wi m' te mare li. Sa k' genyen ? »

« Genyen poul ki mouri ankò. »

Pita, lè Papa l' te antre, tout moun te al gade poul yo.

Sizàn te di : « Ou kwè se yon rena ki fè sa ? »

Papa l' te reponn : « Mwen pa ka di. Men fòk nou fè yon fason pou n' elimine vye manman poul yo epi pwoteje tout lòt yo anvan nou fin pèdi tout nèt. »

Amòs te retounen nan gwo depo a. Li te kontan paske li te asire se pa Lasi ki t'ap manje poul nan lakou a. Men, te genyen yon lòt bagay ankò. Li t'ap kalkile sou kijan li te manke lage chen an jou maten sa a.

Nan tèt li, Amòs t'ap di : *San dout, yo t'ap bay Lasi pote chay la si li te lage. Manman m' ak tout Sizàn t'ap fè m' voye chen an ale. Menm Papa m' pa t'ap dakò ba li yon lòt chans ankò. Pi devan, lè chen an pa t' la, nou te ka pèdi kèk poul ankò, se vre. Nou t'ap konnen chen an te inosan lè sa, men li t'ap twò ta.*

Amòs t'ap fè tèt li travay byen serye pandan li t'ap okipe kèk bagay. *Papa m' te gen rezon. Ou pa fè erè lè ou chwazi obeyi. Mwen manke fè erè dèske mwen tapral dezobeyi.*

Istwa sa sòti nan *Living Together*
Pathway Publishers



Vèsè Pou Aprann

« Pitit mwen, toujou fè sa papa ou di ou fè. Pa janm bliye sa manman ou te montre ou » (Pwovèb 6.20)



Aktivite Timoun

Chak fraz anba genyen yon bout ki souliyen. Bout sa yo pa nan plas yo. Yo ta sipoze nan yon lòt fraz pito. Chache ki bout ki pi byen mache avèk chak fraz. Ekri fraz yo ankò avèk bout ki te dwe mache avè l' la.

1. Lè Amòs te al bay poul yo manje, lage Lasi pandan pa t' gen moun nan lakou a.

2. Pandan Lasi te mare, se Lasi ki te manje poul yo.

3. Yo te deside li te jwenn kèk poul ki mouri chak fwa yo tout pati.

4. Amòs te anba tantasyon pou li Manman te mete nan tèt li.

5. Papa te toujou konn di Amòs te deside.

6. Se te yon bèt mawon ki te touye poul yo mare Lasi.

7. Ou pa fè erè lè ou chwazi obeyi granmoun yo merite pou ou obeyi yo.



*L*ibète disponib,
men kisa nou
deside finalman ?

CHRISTIAN AID MINISTRIES

Cache Cache Douge
Rt. National 1, KM 25
Titanyen, Haiti

GRATIS !

Si ou ta renmen resevwa *Flanbo Verite A*, oubyen si ou gen nenpòt lòt kesyon, oubyen ta renmen resevwa èd espirityèl, nou ta kontan ede ou nan nenpòt fason nou kapab. Ou kapab kontakte yon moun nan adrès sa a.



« *Se poutèt sa, mwen pran pawòl pwofèt yo pou pawòl ki sèten nèt. Nou menm tou nou byen fèt lè nou pran pawòl sa yo ak gwo konsiderasyon... »*
(2 Pyè 1.19).

Lemonn Ofri Blòf

Kontantman epi fèt, mask epi bèl koulè
Mèvèy epi limyè, plezi epi chalè.

O, lemonn, sa ou ofri se blòf,
Se plastik ki klere tankou bon lò.

Se pòtre kontantman ase, pòtre pwosperite ak abondans,
Vye lemonn ! Se pòtre ase, pòtre ki disparèt tankou lafimen.

Pòtre plezi ak dans,
Pòtre bèlte ak elegans.

Pòtre lavi, sepandan genyen lanmò ase,
Pòtre lapè nan mitan lagè.

Kisa ou ofri, O lemonn, pou satisfè lòm
Andedan fon kè l' kote ni fèt, ni plezi,
Ni mizik, ni lajan, ni pòtre pa ka satisfè li ?

O lemonn, kisa ou ofri ankò ?

—Gloria E. Romero Lozano